



Pwofite resous lekti ete bibliyotèk piblik la!

Sistèm bibliyotè leta Vil Nouyòk(NYC Public Library systems) la ofri divès pwogram lekti ete ak aktivite vityèl pou ankouraje elèv tout laj pou li chak jou. Swiv links ki pi ba a pou jwenn bibliyotèk ki bò lakay ou a ak pou jwenn enfòmasyon sou aktivite vityèl, lis liv ak sijesyon aktivite amizan ki la pou fè imajinasyon pitit ou a briye.



Brainfuse se yon platfòm leson patikilye sou entènèt pou elèv ak fanmi ki bay èd nan devwamezon ak sipò pou bati konpetans pou tout nivo klas nan matyè debaz tankou Matematik, Syans, Lektè ak redaksyon nan men moun ki pale anglè ak panyòl k ap bay leson. Brainfuse disponib **7 jou pa semèn, avèk leson patikilye andirèk ki disponib soti 2:00 rive 11:00 p.m.**, atravè tout sistèm bibliyotèk piblik Vil Nouyòk yo. AYo egzije yon kat bibliyotèk piblik.



Brooklyn Public Library ofri plizyè opòtinite pou pwogram vityèl atravè [kalandriye aktivite](#) ak [resous edikasyon sou entènèt li yo](#), kote kèk ladan yo egzije yon kat bibliyotèk pou gen aksè ladan yo. Pou jwenn yon Ecard Brooklyn Public Library, ranpli fòm sa a .



The New York Public Library, k ap sèvi Bronx, Manhattan, and Staten Island, ap ofri opòtinite pwogram vityèl pou elèv ak fanmi atravè [kalandriye aktivite](#) ak nan [aktivite kandete vityèl li yo sou sitwèb li](#), ak nan [resous edikasyon sou entènèt li yo](#), kote kèk ladan yo egzije yon kat bibliyotèk pou w ka ale ladan yo. pou w jwenn yon kat New York Public Library atravè e-reader app gratis la SimplyE, ale sou NYPL.org.



QUEENS PUBLIC LIBRARY

Queens Public Library ofri plizyè opòtinite pou pwogram vityèl pou fanmi ak elèv atravè [kalandriye aktivite](#) ak [resous edikasyon sou entènèt li yo](#), kote kèk ladan yo egzije yon kat bibliyotèk pou gen aksè ladan yo. Pou jwenn yon Ecard Queens Public Library, ranpli fòm sa a .